



Pou Piblikasyon Imedya: 04/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AP SIYEN DEKRÈ EGZEKITIF KI AP ENTÈDI TOUT OTORITE AK AJANS ETA YO FÈ BIZNIS AK KONPAYI KI AP PWOMOUVWA OSWA TOLERE DISKRIMINASYON

Gouvènè a Pral Prezante Pwojè Lwa Ki Ap Entèdi “Panik Omofòb” yo kòm Defans Legal Ki Aksepte pou Aksyon Vyolan Ki Baze sou Sèks Viktim yo, Idantite Seksyèl, oswa Oryantasyon Seksyèl yo

Pandan Ke Gouvènman Federal la Ap Afebli Pwoteksyon Dwa Sivil yo Ki Enpòtan Anpil, New York Pral Kreye Wout Nan Asire Ekite ak Jistis Pou Tout Moun

Ou Ka Gade Anons Gouvènè an sou YouTube [La a](#), nan kalite TV (h.264, mp4) [La a](#) epi Koute sou SoundCloud [La a](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke li te siyen yon Dekrè Egzekitif pou pwoteje pi plis dwa sivil moun New York yo nan entèdi tout ajans ak otorite eta yo fè biznis ak konpayi ki ap pwomouvwa oswa tolere diskriminasyon. Gouvènè a te anonse tou ke li pral prezante pwojè lwa ki pral entèdi itilizasyon yon defans “Panik Omofòb” pou pwoteje kont reviktimizasyon moun New York yo. Yo dwe anpeche yon moun ki atake yon lòt moun baze sou yon pèsepsyon, oswa dekouvèt sou, sèks viktim sa, idantite seksyèl, oswa orantasyon seksyèl li pou denye responsabilite li nan mete blam sou do viktim lan. Gouvènè a te fè anons yo nan 17èm Gala Dwa Imen Anyèl lan nan Vil New York.

“New York pral konbat chak aksyon ki poze pa administrasyon federal lan ki ap eseye detwi pwogrè ke nou te fè yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou kwè ke Amerik te fonde sou premis linyon moun ki soti nan peyi diferan, ki gen relijyon ak koulè diferan, epi nou akeyi divèsite sou konpreyansyon eklere ki di ke sa pa yon feblès men olye de sa se pi gwo fòs nou. Ak dekrè egzekitif sa, New York ap retounen afime angajman nou pran pou pwoteje dwa tout moun. Nou pral ranfòse pwoteksyon solid nou yo kont diskriminasyon yo, epi kontinye ajoute sou eritaj nou genyen nan pwoteje nou tout, pa sèlman kèk pami nou.”

Vis Prezidan Siperyè Kanpay Dwa Imen (Human Rights Campaign, HRC) an JoDee Winterhof te deklare, “Nan yon akèt resan ki te fèt pa HRC, prèske de tyè pami moun LGBTQ yo te rapòte ke yo te eksperimante kèk fòm diskriminasyon. Lè li pran mezi pou kapab bloke diskriminasyon nan anbochaj yo, Gouvènè Cuomo ap yon lòt fwa ankò dirije

apati egzanjman pou ede pwoteje travayè LGBTQ yo, epi asire ke lajan kontribiyab moun New York yo pa finanse diskriminasyon. Nou rekonesan anvè Gouvènè Cuomo poutèt efò li yo ak angajman pèmanan li pou kapab akselere pwogrè pou rive gen egalite LGBTQ total”.

Administrasyon Trump lan te entèdi moun ki transeksyèl yo pou yo sèvi nan Militè Ameriken yo, retire oryantasyon atravè nasyon an ki te ede pwoteje jèn elèv transeksyèl yo nan lekòl yo, epi retire konplètman kominote LGBTQ an nan Ankèt Nasyonal Ameriken ki Pi Ansyen yo. An plis, an Oktòb 2017, gouvènman federal la te revoke yon kontra kouvèti kontraseptif sou Lwa sou Machin A Pri Abòdab lan (Affordable Care Act). Aksyon sa te pèmèt anplwayè ak òganizasyon yo pou reklame egzansyon elaji apati lwa ki pa diskriminatwa yo, ki te ogmante vilnerabilite dwa LGBTQ yo.

Aprè mezi sa yo, ki te pèpetye epi tolere diskriminasyon epi mete nasyon sa sou movèz direksyon, New York ap yon lòt fwa ankò leve kanpe pou kapab asire ke dwa moun yo pwoteje atravè eta a.

Pandan tout manda li a, Gouvènè Cuomo montre li se yon lidè nasyonal nan defans dwa LGBT yo. An 2011, Gouvènè a te adopte Lwa sou Egalite Maryaj (Marriage Equality Act) istorik lan, sa ki te voye yon mesaj klè pou ki ke li lè pou nou mete bout yonn pami pi gwo inegalite sosyete yo. An 2015, Gouvènè Cuomo te egzekite Règleman sa yo ki afime Lwa Dwa Imen Eta yo ap pwoteje tout moun ki transeksyèl yo, epi tout anplwaye piblik ak prive, founisè lojman, biznis, kreditè ansanm avèk lòt antite yo ta dwe konnen diskriminasyon ilegal epi yo p ap tolere l okenn kote nan Eta New York. An 2017, Gouvènè an te etabli Fòs Entèvansyon pou Krim Rayisab yo ak yon liy dirèk pou moun yo kapab rapòte krim rayisab oswa prejije yo, epi nan menm ane sa, yo te mete an plas nouvo règleman pou kapab asire tretman fètilite pou tout fanm yo - kèlkeswa oryantasyon seksyèl oswa sityasyon matrimonyal. Gouvènè a te nonmen tou premye jij ki omoseksyèl ki rekoni nan Tribinal Apèl New York lan.

Pou kapab kontinye ak sipò New York pou egalite ak jistis pou tout moun, Gouvènè an te siyen Dekrè Egzekitif lan pou entèdi tout kontra eta yo ak nenpòt antite ki ap sipòte diskriminasyon. Gouvènè a te pwopoze tou pwojè lwa pou entèdi akize kriminèl yo blame viktim yo lè y'ap pwente sou yon pèsesyon, oswa divilgasyon, sèks viktim lan, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl oswa oryantasyon seksyèl. Sa ap ajoute sou pwojè lwa ki te prezante anvan sa pa Senatè Brad Hoylman ak Manm Asanble a Daniel O'Donnell. Finalman, Gouvènè a te anonse ke nenpòt lekòl ki refize pwoteje elèv transeksyèl yo pa pral resevwa finansman eta yo.

Dekrè Egzekitif lan disponib [la a](#) epi yo enkli tèks la anba la a.

Non 177

DEKRÈ EGZEKITIF

ENTÈDIKSYON POU GEN KONTRA ETA AK ANTITE KI AP SIPÒTE DISKRIMINASYON YO

Konsideran, Eta New York gen yon istwa fyè nan batay pou libète, jistis ak egalite epi li angaje nan asire ke pèsòn pa pral fè enfraksyon sou dwa sivil ak libète sitwayen ak abitan li yo;

Konsideran, an 1945, New York te ranpòte distenksyon fyè pou li se premye eta nan nasyon an ki adopte yon Lwa sou Dwa Imen, sa ki pèmèt chak sitwayen gen yon opòtinite egal pou yo pwofite viv yon lavi konplè epi ki pwodiktif;

Konsideran, Eta New York te an pèmanans ajoute sou eritaj sa nan adopte pwoteksyon adisyonèl yo ki gen ladan adopsyon Lwa sou Dinyite pou Tout Elèv yo (Dignity for All Students Act) pou entèdi diskriminasyon, asèlman, ak nwizans nan lekòl yo; adopte règleman yo pou entèdi asèlman ak diskriminasyon sou baz idantite seksyèl, kondisyon transeksyèl, oswa disfori seksyèl; epi bay règleman pou entèdi konpayi asirans sante yo fè diskriminasyon oswa refize kouvèti ki baze sou idantite seksyèl;

Konsideran, gouvènman federal la te pran mezi pou kapab afebli pwoteksyon dwa sivil fondamantal yo epi eskive responsabilite li pou pwoteje moun yo kont diskriminasyon ak asèlman;

Konsideran, Eta New York refize fè menm jan ak gouvènman federal la epi li pral kontinye defann ak vigè dwa tout sitwayen ak abitan li yo pou yo pa gen diskriminasyon;

Konsideran, Tribinal Siprèm Etazini an te deklare li “enkontestab pou Konstitisyon an etabli yon sistèm souvèrènte doub” kote eta yo te konsève “yon souvèrènte rezidyèl epi envyolab” poukont yo; epi

Konsideran, pwoteksyon dinyite fondamantal moun New York yo se yon enterè souvren santral pou gouvènman Eta New York;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York lan, an vèti otorite ki te konfere a mwen pa Konstitisyon an ak Lwa Eta New York yo, prezantman dekrete ke gouvènman Eta New York lan pa pral fè biznis ak antite ki ap pwomouvwa oswa tolere diskriminasyon oswa enfraksyon sou dwa sivil yo ak sou libète moun New York yo, epi mwen òdone antite gouvènmantal Eta yo sa nou pral site la yo:

1. Definisyon.

A. “Antite Eta a Ki Afekte yo” vle di (i) tout ajans ak depatman kote Gouvènè a gen Otorite Egzekitif, epi (ii) tout sosyete ki bay avantaj piblik, otorite piblik ak konsèy kote Gouvènè a nonme Prezidan, Chèf Egzekitif, oswa pifò Manm Konsèy yo, sof pou Port Authority New York ak New Jersey a (Port Authority of New York and New Jersey).

2. Politik Eta New York.

(a) Eta New York devwe nan asire ke yo trete tout moun egal ego, kèlkeswa laj yo, ras, prensip, koulè, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, sitiyaasyon militè, sèks, sitiyaasyon matrimonyal, andikape, oswa lòt baz ki pwoteje yo. Nan objektif sa, New York te adopte divès lwa, règleman, ak politik, epi li pral kontinye ranfòse aktivman pwoteksyon ki djanm li yo kont diskriminasyon rive nan limit maksimòm ke lalwa pèmèt.

(b) Yo ta dwe obsève politik sa an respè a, men pa ta dwe limite a, pwovizyon byen, sèvis, ak akomodasyon piblik yo, anviwònman edikatif lan, espas travay lan, ak pwovizyon sèvis swen sante ak asirans yo.

3. Responsabilite Ajans yo nan Anbochaj Eta.

(a) Antite Eta Ki Afekte yo prezantman gen òdonans pou amande pwosedi apwovizyonman yo pou anpeche Antite Eta Ki Afekte yo fè kontra ak antite ki gen pratik oswa politik enstitisyonèl yo ki pa rive abòde pwoblèm asèlman ak diskriminasyon sou moun yo sou baz idantite seksyèl yo, kondisyon transeksyèl yo, disfori seksyèl oswa nenpòt lòt klas ki pwoteje ki enimerè anlè la yo.

(b) Biwo pou Sèvis Jeneral lan ak Divizyon Dwa Imen (Division of Human Rights) an ta dwe konjwentman bay liy direktris yo pa pi ta pase dat 1 Me 2018, pou asiste Antite Eta Ki Afekte yo nan pwosesis idantifikasyon antite yo ki ta dwe sijè a restriksyon ki dekri la yo.

(c) Nenpòt kontra oswa renouvèlman kontra ke Antite Eta Ki Afekte yo te jwenn pou byen, sèvis, teknoloji, oswa konstwiksyon yo nan dat oswa apre dat 1 Jen 2018, ta dwe gen ladan yon akò kontrenyan ki konsistan ak sa ki sot site la yo, epi Antite Eta Ki Afekte yo pa ta dwe fè yon kontra ak okenn antite ki ap bay byen, sèvis, teknoloji, oswa konstwiksyon sa yo, dirèk oswa endirèkteman, san yon akò kontrenyan konsa.

(d) Yo ta dwe obsève epi mete sou pye responsabilite sa yo rive nan limit maksimòm ke lalwa pèmèt.

4. Yo ta dwe entèprete globalman tout liy direktris ak pwoteksyon kont diskriminasyon ki referanse anlè la yo, epi yo pa ta dwe afekte akòz entèpretasyon limite branch egzekitif federal lan de pwoteksyon kont diskriminasyon legal federal aktyèl yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)